



Manifès Gérone nan

Gen de sa kenz lane, Deklarasyon Inivèsèl Dwa lengwistik te parèt nan Barcelone, e se Komite Tradiksyon ak Dwa Lengwistik PEN Entènasyonal ki te pibliye li. Jodi a, menm komite sila a, ki reyini nan Gérone, bay lakonsantman li pou yon Manifès ki prezante dis prensip fondamantal ki nan Deklarasyon Inivèsèl la.

1. Divèsite lengwistik se yon eritaj inivèsèl ki dwe jwenn rekonesans ansanm ak pwoteksyon.
2. Respè tout lang ak tout kilti se yon kondisyon ki fondamantal pou amòse dyalòg epi pou asire lapè nan le monn tou.
3. Tout moun ki vinn sou latè a jwenn yon kominote ki akeyi li, e se la langaj li devlope, ak yon lang kominote a ofri li, ansanm ak yon kilti epi yon idantite.
4. Tout lang epi tout jan ou moun pale, se pa senpman yon mòyen komunikasyon. Sa ki vinn ajoute nan apò fasilité langaj la, se milye ansanm ak kilti kote lavi moun nan ap devlope a.
5. Chak Kominote lengwistik gen dwa pou li deklare lang li pale a, lang ofisyèl teritwa li.
6. Enstriksyon lekòl gen pou li pote amelyorasyon ak prestij nan domèn lang kominote lengwistik la itilize a.
7. Li bon pou sitwayen gen yon konesans jeneral sou lòt lang, paske konesans sila a favorize ouvèti entelekyèl pandan l ap ride apwofondi konesans nan pwòp lang sitwayen k ap aprann lòt lang yo.
8. Tradiksyon tèks, sitou zèv enpòtan nan lòt kilti, reprezante yon eleman enpòtan nan pwosesus nesesè pou apwofondi konesans moun ak etabli plis respè pamì lèzòm.
9. Medya yo reprezante yon seri pòt-pawòl ki la pou ride devlopman sitwayen nan direksyon yon stad avanse nan mitan yon kominote lengwistik. Epi, pou ogmante prestij kominote sila a ansanm ak konpetans epi solidite li.
10. Dwa pou moun itilize ak pwoteje lang li, fét pou li jwen sipò Nasyon Zini, kòm youn nan dwa lèzòm ki fondamantal anpil.